

ABSTRAK (SUNDA)

Panalungtikan ieu judulna Pengaruh Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe *Talking Chips* Terhadap Keaktifan Belajar Siswa Pada Mata Pelajaran Ekonomi (Studi Kasus Pada Siswa Kelas XI MIA 4 SMA Negeri 1 Lembang Kana Pokok Bahasan Pasar Modal).

Kasang tukangna perkara kurangnya kaaktifan diajar murid dina pangajaran ekonomi. Tujuan panalungtikan ieu nyaeta kanggo ngungkabkeun sabaraha ageung pangaruh model pembelajaran *talking chips* kana kaaktifan diajar murid dina pangajaran ekonomi.

Dina panalungtikan ieu sampelna the nyaeta murid kelas XI MIA 4 SMA Negeri 1 Lembang. Metode panalungtikan anu dipake nyaeta asosiatif kausal. Teknik ngumpulkeun data ku cara survey, angket, telaah pustaka.

Hipotesis panalungtikan nu ka unggel nyaeta “Aya pangaruh dina model pangajaran *talking chips* kana kaaktifan diajar murid dina palajaran ekonomi”.

Teknik ngumpulkeun data ku cara uji validitas, uji reliabilitas, uji normalitas data, korelasi, analisis regresi linier basajan, sarta koefisien determinasi.

Sabada data dikumpulkeun jeung diolah ngagunakeun ngagunakeun program SPSS 20.0, ngabuktian yen korelasi variabel X jeung variabel Y saageung 0,719 eta hartina korelasi kasebat nandakeun positip, regresi linier basajan saageung $Y = 2,772 + 0,783 X$, jeung koefisien determinasi atau R^2 saageung 51,7%.

Kasimpulan yen “Model pangajaran *talking chips* mangaruhan positip kana kaaktifan diajar murid dina pangajaran ekonomi” bisa ditarima kalayan ngayakinkeun 48,3% dipangaruhan ku faktor sejen nu teu ditalungtik.

Pungkas panalungtikan, nu malungtik nyaran ka guru ekonomi supados nerapkeun model pangajaran anu tiasa ningkatkeun kaaktifan diajar murid, ka murid meh sumanget dina diajar, ka sakola meh bisa nerapkeun model pangajaran ka sadaya materi ajar, sarta ka panalungtik nu sejen meh model pangajaran *talking chips* teh bisa dilegaan aweuhanana dina materi nu sejen. Model pangajaran *Talking Chips* nyaeta alternatif padika anu tiasa diterapkeun ku guru dina proses pangajaran sabab ngabogaan mangpaat kanggo murid dina ngawangun kaaktifan diajar.

Sanggem Konci: Padika Pangajaran *Talking Chips*, Kaaktifan Diajar Murid